



(Haitian Creole)

KEKSYON YO POZE PI SOUVAN (FREQUENTLY ASKED QUESTIONS (FAQ))

Kisa maladi meningococcal ye?

Maladi *meningococcal*, yo konnen sou non menninjit *meningococcal*, se yon enfeksyon bakteri ki kapab lakòz lanmò. Enfeksyon bakteri-a lakòz anflamasyon sèvo ak mwèl epinyè (meninjit) oswa yon enfeksyon grav nan san. Chak ane, maladi-a afekte preske 3,000 Ameriken. Anviwon 10 pousan moun ki atrape maladi-a ap mouri. Pami moun ki siviv, preske 20 pousan soufri pandan lontan, andikap tankou donmaj nan sèvo, pa tande, ògan kò ki pa fonksyonnen byen, anpitasyon manm.

Poukisa jènjan ak elèv kolèj riske pran maladi meningococcal?

Nenpòt moun kapab atrape maladi *meningococcal*. Sepandan, rechèch-yo montre tinedjè ak elèv kolèj kapab gen pi gwo risk pou pran maladi-a. Anfèt, tinedjè ak elèv kolèj kontribye pou preske 30 pousan tout ka enfeksyon *meningococcal* yo rapòte nan Etazini. Men gen bon nouvèl yo ka prevni jiska 83 pousan ka maladi *meningococcal* pami jennjan ak elèv kolèj granmèsi iminizasyon.

Eleman ki asosye ak maladi *meningococcal* enkli:

- Viv pami anpil lòt moun (egzanp. dòtwa, kan)
- Pataje bweson oswa veso
- Fimen ou menm oswa respire lafime lòt moun kap fimen
- Abitid somèy iregilye

Kijan maladi-a gaye?

Maladi *meningococcal* gaye nan gout ki nan lè-a epi nan kontak dirèk avèk sekresyon moun ki enfekte (touse, bo). Tinedjè ak elèv kolèj kapab diminye risk transmisyon maladi-a si yo pa pataje afè pèsonnèl-yo (tankou veso, boutèy dlo, vè) epi si yo pran vaksen-an.

Ki sentòm maladi meningococcal?

Yo gen tandans fè erè nan dyagnostik maladi *meningococcal* tankou konsidere li kòm yon maladi ki pa grav paske sentòm maladi-a ki manifeste bonnè raple grip. Sentòm-yo kapab enkli gwo lafyè, maltèt serye, kou vire, konfizyon, vomi, fatig ak/oswa gratèl. Tout sentòm-sa-yo pa bezwen reyini anmentan. Prevansyon maladi-a kapital paske karakteristik sentòm maladi-a menm ak enfeksyon viral ki pa grav.

Si maladi-a pa trete, lap pwogrese rapidman byen souvan nan kèlkezè prenmye sentòm-yo manifeste. Alò maladi-a kapab vin agrave avèk donmaj nan sèvo, pa tande, ògan kò ki pa fonksyonne ak anpitasyon manm.

Ki jan yo dyagnostike maladi meningoccal? Èske yo kapab trete maladi-sa-a?

Kilti bakteri yo pran nan echantiyon likid rèldo/kolòn vètebral pèmèt dyagnostik maladi-a. Pou sa fèt yo retire enpe dlo lè yo pike yon zegwi nan do malad-la (pati anba) kote yo kapab jwenn likid-la pi fasil). Idantifye tip bakteri ki responsab enpòtan nan seleksyon antibyotik ki kòrèk pou trete maladi-a.

Yo trete maladi *meningoccal* avèk antibyotik. Li enpòtan pou kòmanse tretman-an bonnè pou diminye risk 15 pousan lanmò. Sepandan, paske maladi-a pwopaje rapidman, yon tretman bonnè pa garanti moun nan ap refè. Se pousa vaksinasyon-an enpòtan.

Moun ki vin an kontak pre ak yon moun yo dyagnostike ak mennenjit dwe pran antibyotik.

Èske yo kapab prevni maladi meningoccal?

Si jennjan ak etidyan kolèj vaksinen, sa va diminye chans-yo pou atrape maladi *meningoccal*. Vaksinasyon kapab ede prevni jiska 83 pousan ka maladi pami jennjan ak lòt ki enpe pi gran.

Sa diminye anpil risk pou transmèt maladi-a, lè jennjan ak etidyan kolèj pa pataje afè pèsonnèl-yo (egzanp, vesò, boutèy dlo, vè).

Èske gouvènman-an rekòmande vaksinasyon pou maladi meningoccal?

U.S. Centers for Disease Control and Prevention (CDC) rekòmande kounye-a timoun ki pral rantre nan adolesans (ant 11zan ak 12zan) epi ki pral nan konsiltasyon kay doktè nan moman-sa-a pran vaksen pou maladi *meningoccal*. Se yon woutin CDC ankouraje. Pou jennjan ki pat pran vaksen-an depi anvan, yo konseye vaksinasyon lè yo pral antre nan ayeskoul. Pou elèv ki pral rantre nan kolèj (prenmyè ane), epi ki pral viv nan dètwa, yo konseye yo pran yon sèl vaksen ki ekzijib. Lòt rekòmandasyon CDC deklare tout lòt jennjan ak etidyan nan kolèj ki swete diminye chans pou yo atrape maladi *meningoccal* dwe chwazi pran vaksen-an tou.

Òganizasyon medikal ki enfliyan tankou *American Academy of Pediatrics*, *American Academy of Family Physicians* ak *American College Health Association*, fè soti rekòmandasyon sou vaksinasyon *meningoccal* ki vize jennjan ak etidyan kolèj.

Èske vaksen-an gen efè segondè? Èske vaksen an kapab ban-mwen menninjit?

Vaksen pou *meningoccal* san danje epi efikas. Tankou tout lòt vaksen, kapab genyen reyaksyon san enpòtans. Doulè ak woujè nan kote yo bay piki vaksen-an se youn nan pami reyaksyon-yo. Reyaksyon-yo ka dire de (2) jou. Ou pa kapab atrape maladi menninjit nan vaksen-an paske vaksen-an li-menm fabrike. Pa gen okenn bakteri vivan nan vaksen-an.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Sit entènèt-sa-ou kapab founi-ou plis ransèyman sou maladi *meningoccal* ak vaksen:

- American Academy of Family Physicians, www.aafp.org
- American Academy of Pediatrics, www.aap.org
- Centers for Disease Control and Prevention, www.cdc.gov
- Meningitis Foundation of America, www.musa.org
- National Association of School Nurses, www.nasn.org
- National Foundation for Infectious Diseases, www.nfid.org
- National Meningitis Association, www.nmaus.org

Pou ransèyman anplis sou maladi-a ak vaksinasyon, kontakte enfimyè/enfimyè lekòl-la oswa depatman sante piblik zòn-ou.